



SUPREME JUDICIAL
COURT

BOSTON, MASSACHUSETTS 02108

28 Fevrye 2019

Address 1
Address 2
Address 3

Chè

Mwen se yon jij ki nan tribinal jidisyè Siprèm nan, Tribinal ki pi wo nan Massachusetts. Map ekri'w pou'm fè'w konnen ke tribinal la retire kèk kondanasyon avek lòt dispozisyon kont ou menm, e ke tribinal la retire tou lòt chaj yo. Wap jwenn kondanasyon yo retire yo nan lòt paj yo, yo klasifye yo pa tribinal, nimewo dosye a, zak la avek sa yo akize'w avè'l la.

Poukisa tribinal la ap retire ka sa yo nan dosye'w?

Yon chimis ki rele Sonja Farak te nan move aktivite ki serye nan travay li nan yon laboratwa dwòg leta. Ka'w la gen ladann yonn oswa plis kondanasyon dwòg ki afekte dapwè aksyon Ms. Farak. Kounye a tribinal la retire kondanasyon sa yo. Desizyon ki rann nou retire ka sa a li final epi pemanan, sa vle di yo pa ka pouswiv ou nan lajistis ankò pou okenn lòt ka ki deja fèmen.

Kisa kap fèt apwè

Yo deja fè chanjman nan dosye kriminel ou pou retire kondanasyon yo. Retire kondanasyon sa yo ka benefisyè'w nan zafè travay ou, kay ou avek imigrasyon'w etc.

Men dosye'w la piblik toujou. Ou ka jwenn plis enfomasyon sou fason ou ka privatize dosye'w la nan www.masslegalhelp.org/cori.

Anplis de sa, ou ka gen lòt akizasyon nan menm ka a ki pat fèmen e ki rete nan dosye'w. Ou ka vle pale avek yon avoka pou'w konnen si yo ka chanje lòt kondanasyon yo tou.

Li posib ke'w te peye lajan tou akòz de kondanasyon sa yo, tankou amann, frè tribinal la, frè pwobasyon, oswa restitasyon. Ou ka vle pale avek yon avoka pou'w konnen si'w gen dwa pou'w ta fè tribinal la remèt ou okenn lajan.

Si'w gen nenpòt kesyon konsènan lèt sa a, epi jan'w ka jwenn yon avoka pou ede'w, ou ka kontakte Committee for Public Counsel Services (Ajans leta ki defann piblik la) lè'w rele nimewo laboratwa dwòg ki konfidansyèl la nan **888-999-2881** oswa lè'w vizite adrès entènèt: www.publiccounsel.net/dlclu. Ou ka jwenn enfomasyon tou nan adrès entènèt tribinal la: www.mass.gov/courts/druglab.

Sensèman,
Frank M. Gaziano
Associate Justice